

PIKI RAPÈL POU VAKSEN KONT COVID-19 YO

Piki rapèl pou vaksen yo disponib kounye a pou ede moun ranfòse pwoteksyon yo te jwenn nan vaksinasyon inisyal yo a. Ale sou nyc.gov/covidvaccine oswa rele **877-829-4692** pou jwenn plis enfòmasyon.

Si ou te pran **Pfizer** oswa **Moderna**:

Rapèl yo disponib kounye a pou sèten moun ki te pran de (2) dòz vaksen Pfizer oswa Moderna **sa fè omwen sis mwa de sa**:

- Moun ki gen laj omwen **65** an
- Moun ki gen ant **18** ak **64** an k ap viv nan yon mezon retrèt oswa nan yon lòt etablisman swen alontèm
- Moun ki gen ant **18** ak **64** an ki gen ***pwoblèm medikal kwonik*** ki ogmante risk pou yo fè COVID-19 grav
- Moun ki gen ant **18** ak **64** an ki gen plis risk kontak ak COVID-19 nan travay yo (tankou travayè lasante yo) oswa nan lòt kad enstitisyonèl (tankou refij pou sanzabri yo)

Ou kapab chwazi pran nenpòt nan twa kalite vaksen ki gen otorizasyon yo nan Etazini (Pfizer, Moderna, Johnson & Johnson).

Si ou te pran **Johnson & Johnson**:

Tout moun ki gen laj **omwen 18** an ki te resevwa vaksen yon sèl dòz Johnson & Johnson nan **sa fè omwen de (2) mwa de sa** dwe pran piki rapèl.

Ou kapab chwazi nenpòt nan twa kalite vaksen ki gen otorizasyon yo nan Etazini (Pfizer, Moderna, Johnson & Johnson).

Ale sou nyc.gov/vaccinefinder, vizite nyc.gov/homevaccine oswa rele **877-829-4692** pou jwenn pi bon fason pou pran rapèl ou a jodi a!



**NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY**